

Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKÒDE FINANSMAN A PRÈSKE 30 NOUVO FÈM ATRAVÈ ETA A POU AMELYORE PWOFITABILITE

Finanman ankouraje nouvo fèmye pou grandi ak elaji, pou sipòte dirabilite endistri agrikòl New York lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse prèske 30 fèm atravè New York te resevwa finansman atravè Fon Sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè a yo (New Farmers Grant Fund), ki ede fèmye ki nouvo ak ki nan premye etap yo. Depi apre lansman li an 2014, Fon Sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè a te bay kounye a 4.2 milyon dola bay 114 fèm atravè eta a.

"Fèm rete vital pou ekonomi ak kalite lavi nou an lè yo prezève espas ouvè epi pwodwi manje fre, sen", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Yo rekonèt fèmye New York nasyonalman pou ekselan jerans teren, pandan y ap pwodwi manje, bwason ak pwodwi espesyalize ki wo nivo. Finansman sa yo pral ede nouvo fèmye kontinye ansyen tradisyon agrikòl eta nou an."

"Ekonomi agrikòl nou an rete yon eleman enpòtan nan idantite New York, nan delivre pwodwi lokal sou tab kizin atravè eta nou an ak toupatou nan monn lan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Nou konnen lè nou sipòte biznis an demaraj, sa se yon bèl fason pou asire siksè a lontèm. Nouvo pwogram sibvansyon sa a pral investi nan kreyasyon travay ak fiti agrikilti atravè New York."

Men benefisyè Fon Sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè a pa rejyon:

Rejyon Kapital

- **Tiny Hearts Farm**, Konte Columbia - 28,567 dola: Achte ekipman teren ak materyèl pou ogmante sipèfisi nan pwodiksyon flè.
- **David & Kelly Lendrum**, Konte Albany - 21,300 dola: Achte ekipman pou elaji pwodiksyon zèb.
- **Battenkill Valley Farms**, Konte Washington - 20,525 dola: Achte ekipman pou divèsifye pwodiksyon rekòlt.
- **Common Hands Farm, LLC.**, Konte Columbia - 16,288 dola: Achte ekipman jaden pou ogmante rannman rekòlt.
- **On the Farm**, Konte Columbia - 15,750 dola: Konstri yon granj pou ogmante kapasite pou pwodwi zèb.

New York Santral

- **Elly's Acres Farm, LLC.**, Konte Onondaga - 50,000 dola: Achte ekipman pou elaji operasyon elvaj mouton.
- **Sunswick Farm**, Konte Cayuga - 50,000 dola: Konstri yon estrikti pou ogmante pwodiksyon siro myèl.
- **Cayuga View Farm**, Konte Cayuga - 25,500 dola: Konstwi yon granj pou ogmante kalite ak kantite pwodiksyon zèb.
- **Shared Roots Farm, LLC.**, Konte Cortland - 20,778 dola: Acha ekipman pou ogmante antrepo frigorifik ak operasyon fèm legim.

Finger Lakes

- **Flowerwell, LLC.**, Konte Monroe - 50,000 dola: Konstwi yon nouvo bildin tretman pou ogmante pwodiksyon.
- **Fire Creek Farms**, Konte Livingston - 50,000 dola: Konstwi yon granj ak achte ekipman pou ogmante pwodiksyon zèb.
- **Preston's Farms**, Konte Orleans - 50,000 dola: Achte ekipman teren, pyebwa ak materyèl pou ogmante pwodiksyon sipèfisi.
- **Strickland Farms**, Konte Wayne - 50,000 dola: Konstwi yon granj pou pwoteje ekipman ak konsève pòm.
- **Robinson Family Farms, LLC.**, Konte Wayne - 49,990 dola: Achte pò-grèf, zouti ak ekipman pou etabli yon pepinyè agrikòl ak ogmante operasyon.
- **Bonnie Castle Farms, LLC.**, Konte Wayne - 36,267 dola: Achte ekipman teren pou amelyore pwodiksyon fri.
- **William & Emily Smith**, Konte Wayne - 33,810 dola: Konstwi yon granj pou betay pou ebèje bèt yo pi efikasan ak jere fimye.
- **Valley View Devons**, Konte Livingston - 28,651 dola: Achte ekipman ak ajoute enstalyon estokaj pòtab pou konsève zèb ak amelyore kalite manje pou betay.

Long Island

- **Stein Seafoods, LLC.**, Konte Suffolk - 38,710 dola: Achte ekipman pou ogmante pwodiksyon fèm ostreyikòl ak efikasite operasyonèl.

Mid-Hudson Valley

- **Rose Hill Farm, 1798**, Konte Dutchess - 21,912 dola: Plante pye pòm ek enstale sistèm treyaj pou divèsifye fri ki disponib pou pwodiksyon sid.
- **Grape Hollow Farm**, Konte Dutchess - 21,356 dola: Elaji enfrastrikti a jaden sè ak vèje pou ogmante kapasite pwodiksyon.
- **Long Season Farm**, Konte Ulster – 17,136 dola Achte ekipman pou ogmante pwodiksyon ak elaji sezon agrikòl lan.

Mohawk Valley

- **Lovin' Mama Farm**, Konte Montgomery - 22,560 dola: Achte jaden sè, ekipman ak materyèl pou ogmante pwodiksyon ak elaji sezon agrikòl lan.
- **Windy Hill Goat Dairy**, Konte Otsego - 21,355 dola: Achte ekipman pou pwodwi fouraj meyè kalite pou betay.

- **Michael B's Honey Co.**, Konte Oneida – 19,230 dola Achte ekipman pou fasilite tretman siro myèl.

North Country

- **North Country Creamery, LLC.**, Konte Essex - 50,000 dola: Achte ekipman tretman pou pwodwi atik ki gen valè ajoute.

Southern Tier

- **Cupola Ridge Farms, LLC.**, Konte Tioga - 49,150 dola: Konstwi yon granj pou betay ak estokaj zèb, epi achte ekipman.
- **Berry Brook Farm, LLC.**, Konte Delaware - 16,500 dola: Konstwi yon jaden sè epi ogmante antrepo frigorifik pou ogmante pwodiksyon.

Rejyon Lwès New York

- **McCollum Orchards, LLC.**, Konte Niagara - 29,411 dola: Konstwi yon jaden sè, renove yon estasyon lavaj/anbalaj, epi achte ekipman ak materyèl pou ogmante pwodiksyon.
- **Meyer's Homegrown, LLC.**, Konte Erie - 27,802 dola: Achte ekipman pou elaji pwodiksyon.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, "Sipò estratejik New York pou nouvo fèm yo, pèmèt ak ankouraje yo pou yo envesti nan operasyon yo, reprezante yon investisman nan fiti ekonomi agrikòl nou an nan eta a".

Komisè Agrikilti ak Mache Eta la (State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, "Lè nou sipòte nouvo fèm yo ak sa ki ap demare nou yo, sa rete vital pou kwasans fiti nan agrikilti nan Eta New York. Sibvansyon sa yo pral ede fèm sa yo elaji operasyon yo epi pi byen rivalize nan espas mache a".

"Yon tyè fèm yo New York gen 65 lane ak plis", **Senatè Jen Metzger, Prezidan Komite sou Agrikilti (Committee on Agriculture), te deklare.** "Li rete enpòtan pou n sipòte fiti agrikilti ak kominote riral nou yo lè nou envesti nan reyisit pwochen jenerasyon fèm yo. Asistans finansye modès sa a ka fè yon diferans ekstraòdinè pou nouvo fèm yo, tankou Sam ak Erin nan Fèm Long Season ki ap ofri pwodwi òganik fre pandan tout ane a lè yo itilize pratik dirab ki laboure a ba nivo, oubyen Patrick ak Eleanor nan Berry Brook, ki te vini nan rejyon Nò New York pou travay latè ak elve yon fanmi, epi yo te kreye yon mache an kwasans nan kesyon konsomatè ak restoran lokal pou seleksyon divès pwodwi òganik yo".

Manm Asanble a Donna Lupardo, Prezidan Komite Agrikilti a (Committee on Agriculture), te deklare: "New York rekonèt valè nan sipòte nouvo fèm yo epi li priyore pwogram pou ede yo devlope biznis yo. Fon Sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè a yo konplete lòt inisyativ tankou pwogram Teren Agrikòl pou yon Nouvo Jenerasyon (Farmland for a New Generation) ak Navigatè Rejyonal yo te apiye pandan bidjè ane sa a. Sipò pou nouvo fèm yo asire eritaj agrikòl New York lan pral rete solid".

Se Empire State Development ki administre Fon Sibvansyon pou Nouvo Agrikiltè a, an konsiltasyon avèk Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets). Yo bay aplikasyon yo nòt dapre kritè espesifik, ki enkli demontre kijan pwojè a pral elaji oubyen divèsifye pwodiksyon agrikòl. Fon an bay sibvansyon jiska 50,000 dola pou ede avèk jiska 50 pousan nan depans pwojè ki elijib yo, epi benefisyè a bay rès 50 pousan an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)